

32Ipapo vakataura shoko raShe kwariri nokuna vose vakanga vari mumba. 33Nenguva yousiku iyoyo, muchengeti wetorongo akavatora akashambidza maronda avo; uye pakarepo, akabhabhatidzwa iye nemhuri yake. 34Muchengeti wetorongo akaenda navo kumba kwake akavagadzira zvokudya; akazadzwa nomufaro nokuti akanga atenda kuna Mwari, uye nemhuri yake.


28Asi Pauro akadanidzira achiti, 29Muchengeti wetorongo akadanidzira kuti mwenje utungidzwe, akapinda achimhanya akawira pamberi paPauro naSirasi achidedera. 30Ipapo akavabudisa kunze akati kwavari, 31Vakapindura vakati, "Tenda kuna She Jesu ngoponeswa, iwe neiimba yako."

25Panenge pakati pousiku, Pauro naSirasi vakanga vachinyengetera uye vachiimba nziyo kuna Mwari, uye vamwe vasungwa vakanga vakavateerera. 26Pakarepo pakava nokudengenyeka kwenyika kukuru zvokuti nheyo dzetorongo dzakazungunuka. Kamwe kamwe masuo etorongo akazaruka, uye ngetani dzavanhu vose dzakasununguka. 27Muchengeti wetorongo akamuka, uye paakaona masuo etorongo azaruka akavhomora munondo wake uye akada kuzivuraya nokuti akafunga kuti vasungwa vakanga vapunyuka.

23Shure kwokurohwa zvikuru, vakaiswa mutorongo, uye muchengeti wetorongo akarayirwa kuti avachengetedze kwazo. 24Akati agamuchira kurayira uku, akavaisa muchitokisi chomukati akasungirira tsoka dzavo pamatanda.

MABASA AVAPOSTORI 16:23-34

Pauro naSirasi mutorongo



Panenge pakati pousiku, Pauro naSirasi vakanga vachinyengetera uye vachiimba nziyo kuna Mwari, uye vamwe vasungwa vakanga vakavateerera. MABASA AVAPOSTORI 16:25

44-16 Praising God

www.GodsPeopleCare.org
Bible Verses are Shona



Panenge pakati pousiku, Pauro na Sirasi vakanga vachinyengetera uye vachiimba nziyo kuna Mwari, uye vamwe vasungwa vakanga vakavateerera. MABASA AVAPOSTORI 16:25